

## **BAB III**

### **MÉTODEU PANALUNGTIKAN**

#### **3. 1 Desain Panalungtikan**


Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 175) desain panalungtikan nya éta, rarancang anu nuduhkeun gambaran utama ngeunaan hal anu dilakukeun. Desain panalungtikan mangrupa prosés nu diperlukeun dina rarancang panalungtikan nepi ka wangun pananya nu aya bisa kajawab.

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode deskriptif analisis. Unsur-unsur anu didéskripsikeun nya éta struktur jeung ajén atikan karakter dina kumpulan carita pondok *Nu Harayang Dihargaan* jeung *Rusiah Kaopat Welas* karya Darpan.

Dumasar kana desain panalungtikan anu geus dirarancang, léngkah mimiti anu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan nya éta nangtukeun masalah jeung objék panalungtikan, nangtukeun tiori jeung métodeu panalungtikan. Sanggeus dicindekkeun, nyusun laporan dina wangun tésis.

Prak-prakan dina ieu panalungtikan dibagankeun saperti ieu di handap:

**Bagan 3.1**  
**Desain Panalungtikan**



Ria Dwi Fartika, 2015

**BABANDINGAN KUMPULAN CARPON NU HARAYANG DIHARGAAN JEUNG RUSIAH KAOPATWELAS KARYA DARPAN PIKEUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN SASTRA DI SMA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Nyusun Laporan  
(tesis)

Dumasar kana désain di luhur, dina ieu panalungtikan digunakeun metodeu déskriptif tés. Metodeu tés dipaké pikeun ngadéskripsikeun, ngaklasifikasikeun, sarta analisis data dina wangun kacindekan. Metodeu deskriptif dipaké pikeun ngaidentifikasi sarta ngébréhkeun unsur-unsur nu jadi puseur panalungtikan. Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun struktur sarta ngadéskripsikeun unsur ma'na nu nyangkaruk dina kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan jeung Rusiah Kaopatwelas* karya Darpan.

Ratna (2004, kc. 34-35) nétélakeun yén métode mangrupa cara-cara, stratégi pikeun maham réalitas, jeung léngkah-léngkah sistematis pikeun ngaréngsékeun pasualan sabab-akibat anu bakal karandapan. Salaku alat, métode miboga fungsi pikeun ngabasajankeun pasualan, sangkan leuwih gampang diréngsékeun jeung dipikaharti.

### 3.2 Sumber Data

Dina ieu panalungtikan aya dua sumber data anu dipaké, nya éta buku kumpulan carita pondok *Nu Harayang Dihargaan jeung Rusiah Kaopatwelas*. Dua kumpulan carita pondok ieu mangrupa karya Darpan anu ngawengku 30 carpon. Carpon-carpon nu jadi sampel dina ieu panalungtikan dipilih sacara purposife (*purposive sample*), Ieu di handap mangrupa déskripsi data jeung sinopsisna.

Kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan jeung Rusiah Kaopatwelas* nya éta karya sastra beunang Darpan. *Nu Harayang Dihargaan* mangrupa buku kumpulan carita pondok munggaran Darpan, anu medal ku pamedal Rahmat Cijulang taun 1998, kalawan panganteur Duduh Durahman (cetakan ka-2 ku pamedal Mataair taun 2011).

Ria Dwi Fartika, 2015

**BABANDINGAN KUMPULAN CARPON NU HARAYANG DIHARGAAN JEUNG RUSIAH KAOPATWELAS KARYA DARPAN PIKEUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN SASTRA DI SMA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* kandelna 176 kaca, kaasup panganteur katut katerangan ngeunaan pangarangna. Di jerona ngamuat 15 judul carpon, nya éta ”Anu Ceurik Dina Lahunan”, ”Langit leubeut ku Béntang”, ”Taleus Ateul”, ”Cikopi Sagelas”, ”Mulang”, ”Nu Harayang Dihargaan”, ”Ibu Guru”, ”Saméméh Komat”, ”Patung jeung Hayam”, ”Layung Geus Ririrakan”, ”Hélikopter”, ”Anu Luas Ninggalkeun”, ”Peuting Anu Hareudang”, ”Ada Main”, jeung ”Si Ato Miara Jago”.

Saméméh dibukukeun, carpon-carpon anu ka kumpul dina kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan*, kungsi dimuat heula dina majalah jeung surat kabar Sunda, sedengkeun dumasar kana téma, kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* kaasup kana kumpulan carpon *biasa*, anu napak tina réalitas anu nyampak di masarakat.

*Rusiah Kaopatwelas* mangrupa buku kumpulan carita pondok kadua karya Darpan, anu medal ku pamedal Kiblat taun 2008, sapuluh taun sabada medalna buku kumpulan carita pondok *Nu Harayang Dihargaan*.

Kumpulan carpon *Rusiah Kaopatwelas* kandelna 166 kaca, kaasup panganteur katut katerangan ngeunaan pangarangna. Di jerona ngamuat 15 judul carpon anu kabagi jadi dua dapuran, dapuran kahiji ngamuat dalapan carpon, nya éta ”Peuting jeung Harepan”, ”Tambul”, ”Abah”, ”Asih dina Pais Lauk”, ”Dongéng Jurig”, ”Nu Keketrok”, ”Ema jeung Buta”, jeung ”Si Iblis”. Sedengkeun dapuran kadua ngamuat tujuh carpon, nya éta ”Handeuleum Sieum”, ”Budak Nu Teu Balik”, ”Kota”, ”Évy”, ”Kawista”, ”Awéwé di Kebon Awi”, jeung ”Rusiah Kaopatwelas”.

Pangarang Sunda angkatan ’90-an, anu lahir di Karawang 4 Méi 1970. Satamatna ti SPGN Karawang nuluykeun sakola ka IKIP Bandung taun 1989, lulus taun 1993. Taun 1990 carpon jeung sajakna mimiti dipublikasikeun dina korang jeung majalah Sunda. Sababaraha kali dilélér hadiah sastra LBSS (1992, 1994, 1996, 1997, 1998, 2000), hadiah sastra D.K. Ardiwinata ti Paguyuban Pasundan (1993,1994, 1995, 1996), jeung

Ria Dwi Fartika, 2015

**BABANDINGAN KUMPULAN CARPON NU HARAYANG DIHARGAAN JEUNG RUSIAH KAOPATWELAS KARYA DARPAN PIKEUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN SASTRA DI SMA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

hadiah sastra bulanan Manglé (Uu Rukmana Award). Taun 1999 dilélér hadiah sastra "Rancagé" keur buku kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan*. Darpan kiwari nganjrek di Garut, tur jadi guru di SMA 1 Garut. Ieu di handap runtuyan daptar judul kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* jeung *Rusiah Kaopatwelas*.

**Tabél 3.1**

**Judul-judul Carpon dina Kumpulan Carita Pondok *Rusiah Kaopatwelas***

<b>No</b>	<b>Jejer</b>	<b>Kode</b>
<b>(1)</b>	<b>(2)</b>	<b>(3)</b>
1.	"Peuting jeung Harepan"	RKW-PH
2.	"Tambul"	RKW-T
3.	"Abah"	RKW-A
4.	"Asin dina Pais Lauk"	RKW-APL
5.	"Dongéng Jurig"	RKW-DJ
6.	"Nu Keketrok"	RKW-NK
7.	"Ema jeung Buta"	RKW-EB
8.	"Si Iblis"	RKW-SI
9.	"Handeuluem Sieum"	RKW-HS
10.	"Budak nu Teu Balik"	RKW-BTB
11.	"Kota"	RKW-K
12.	"Évy"	RKW-É
13.	"Kawista"	RKW-K
14.	"Awéwé di Kebon Awi"	RKW-AKA
15.	"Rusiah Kaopatwelas"	RKW-RK

**Tabel 3.2**

**Judul-judul Carpon dina Kumpulan Carita Pondok *Nu Harayang Dihargaan***

<b>No</b>	<b>Jejer</b>	<b>Kode</b>
<b>(1)</b>	<b>(2)</b>	<b>(3)</b>
1.	"Nu Ceurik Dina Lahunan"	NHD-NCDL
2.	"Langit Leubeut ku Béntang"	NHD-LLB
3.	"Taleus Ateul"	NHD-TA
4.	"Cikopi Sagelas"	NHD-CS
5.	"Mulang"	NHD-M

Ria Dwi Fartika, 2015

**BABANDINGAN KUMPULAN CARPON NU HARAYANG DIHARGAAN JEUNG RUSIAH KAOPATWELAS KARYA DARPAN PIKEUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN SASTRA DI SMA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

6.	Nu Harayang Dihargaan”	NHD-NHD
7.	“Ibu Guru”	NHD-IG
8.	“Saméméh Komat”	NHD-SK
9.	“Patung jeung Hayam”	NHD-PH
10.	“Layung Geus Ririakan”	NHD-LGR
11.	“Héelikopter”	NHD-H
12.	“Nu luas Ninggalkeun”	NHD-NLN
13.	“Peuting Nu Hareudang”	NHD-PNH
14.	“Ada Main”	NHD-AM
15.	“Si Ato Miara Jagong”	NHD-SAMJ

Carpon-carpon nu jadi sampel dina ieu panalungtikan dipilih sacara purposife (*purposive sample*), Sedarmayanti (2002, kc. 131) anu nétélakeun yén:

“... Dalam sampling pertimbangan/purposive, pertimbangan peneliti memegang peranan, bahkan menentukan dalam pengambilan sekumpulan objek”.

Tina pedaran di luhur katitén yén panalungtik bisa nangtukeun sampel dumasar kana kapentingan jeung kaperluan panalungtikan. Tina sakabéh jumlah carpon nu dianalisis, 25% dijadikeun sampel nu dianggap bisa ngawakilan. Sabada diidentifikasi jeung diklasifikasikeun dumasar kana tujuan, tina 30 carpon nu aya, dipilih 8 carpon. Carpon-carpon nu dipilih bisa ngawakilan jejer panalungtikan sarta bisa ngagambarkeun situasi pajamanan. Ieu di handap mangrupa sampel nu jadikeun bahan analisis.

**Tabél 3.3**  
**Daftar Analisis Kumpulan Carpon**

No. (1)	Kode Carpon (2)	Judul Carpon (3)
1.	NHD-M	“Mulang”
2.	NHD-LGR	“Layung Geus Ririakan”
3.	NHD-SAMJ	“Si Ato Miara Jago”
4.	NHD-SK	“Saméméh Komat”
5.	RKW-DJ	“Dongéng Jurig”
6.	RKW-BNTB	“Budak Nu Teu Balik”
7.	RKW-RK	“Rusiah Kaopatwelas”

Ria Dwi Fartika, 2015

**BABANDINGAN KUMPULAN CARPON NU HARAYANG DIHARGAAN JEUNG RUSIAH KAOPATWELAS KARYA DARPAN PIKEUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN SASTRA DI SMA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

8.	RKW-ADPL	“Asih dina Pais Lauk”
----	----------	-----------------------

### 3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat nu dipaké pikeun panalungtikan. (Arikunto,2006:150). Instrumén panalungtikan miboga fungsi pikeun ngumpulkeun data sacara sistematis. Lantaran dina ieu panalungtikan digunakeun métode déskriptif analisis, instrumén anu diperlukeun nya éta pedoman analisis jeung kartu data. Pedoman analisis gunana minangka tatapakan dina prosés analisis jeung déskripsi data, sedengkeun kartu data digunakeun pikeun ngumpulkeun data anu aya dina sumber data. Pedoman analisis jeung instrumént anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta saperti ieu di handap.

**Tabél 3.4**  
**Kartu Data Struktural Kumpulan Carpon Nu Harayang Dihargaan jeung Rusiah Kaopatwelas**

CUTATAN PARAGRAF STUKTUR CARITA	(NHD/ KACA/ PARAGRAF)
1.Téma :	
2. fakta carita	
a. galur :	
b. karakter :	
c. latar :	
3.Sarana sastra:	
a. Judul :	
b. puseur implengan :	
c. gaya basa :	
d. simboli :	

**Tabél 3.5**  
**Kartu Data Étnopédagogik Kumpulan Carpon Nu Harayang Dihargaan jeung Rusiah Kaopatwelas**

CUTATAN PARAGRAF AJÉN ÉTNOPEĐAGOGIK:	(NHD/ KACA/ PARAGRAF)
Étnopédagogik ngaliwatan atikan karakter: Religius, Jujur, Toléransi, Disiplin, Kerja keras, Krétif, Mandiri, Demokrasi, Rasa Ingin Tahu, Semangat Kebangsaan, Cinta Tanah Air, Menghargai Préstasi,	

Ria Dwi Fartika, 2015

**BABANDINGAN KUMPULAN CARPON NU HARAYANG DIHARGAAN JEUNG RUSIAH KAOPATWELAS KARYA DARPAN PIKEUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN SASTRA DI SMA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Bersahabat/Komunikasi, Cinta damai, Gemar Membaca, Peduli Lingkungan, Peduli Sosial, jeung Tanggung Jawab.

### 3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta ténik ulikan pustaka. Téhnik ulikan pustaka anu gunana pikeun néangan sarta nangtukeun dasar-dasar tiori tina buku-buku nu aya patalina jeung masalah anu rék ditalungtik. sarta maca kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* jeung *Rusiah Kaopatwelas* karya Darpan tuluy maluruh unsur-unsur struktur jeung etnopedagogikna.

Ari léngkah-léngkah ngumpulkeun data nyaéta :

- 1) Maca kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* jeung *Rusiah Kaopatwelas*.
- 2) Nyirian Struktur jeung unsur étnopedagogik; jeung
- 3) Nyalin catetan *Nu Harayang Dihargaan* jeung *Rusiah Kaopatwelas* kana kartu data.

### 3.5 Téhnik Analisis Data

Pikeun ngolah data ieu panalungtikan, digunakeun téhnik struktural (Stanton) jeung étnopédagogik anu museur kana 18 atikan karakter jeung moral manusa nu mangrupa bagian tina Catur Diri Insan andigunakeun pikeun maluruh struktur pangwangun carita pondok sangkan bisa dianalisis.

Dumasar pedaran di luhur, léngkah-léngkah ngolah data dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Ngadéskripsikeun data anu geus aya dina instrument panalungtikan (kartu data).
- 2) Méré kode carpon jeung kode data, kode carpon digunakeun pikeun ngabédakeun carpon *Nu Harayang Dihargaan* jeung *Rusiah Kaopatwelas*. Kode data nya éta kode anu digunakeun pikeun nyirian data anu geus kapanggih sangkan teu bacacaran sarta gampang dipaluruh deui lamun diperlukeun.

Ria Dwi Fartika, 2015

**BABANDINGAN KUMPULAN CARPON NU HARAYANG DIHARGAAN JEUNG RUSIAH KAOPATWELAS KARYA DARPAN PIKEUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN SASTRA DI SMA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



- 3) Ngadéskripsikeun unsur struktural tina carpon.
- 4) Nyindekkeun hasil déskripsi analisis struktur jeung étnopédagogik.